

## KONSANTMAN ENFÒME

**Non Kliyan An:** \_\_\_\_\_

**Dat Nesans:** \_\_\_\_\_

Yon evalyasyon obligatwa pou tout moun k ap aplike oswa k ap resevwa asistans pou yon swen alontèm. Sa enkli pwogram Swen Enstitisyonèl (ICP) ak sèvis lakay ak sèvis ki baze sou kominote (HCBS).

Pou evalye bezwen mwen yo, mwen dakò ak sa ki annapre yo:

- Mwen dakò ak yon evalyasyon pou idantifye bezwen mwen yo pou swen alontèm, epi pou detèmine si bezwen mwen yo ka satisfè nan kominote a olye de yon etablisman retrèt.
- Mwen otorize anlwaye Depatman Zafè Granmoun (DOEA) pou jwenn aksè nan dosye medikal mwen yo; enkli dokiman ki gen rapò ak kondisyon sante sansib ki enplike: abi dwòg, alkòl oswa sibstans, tretman sikolojik oswa sikyatrik, ak VIH/SIDA oswa MST. Mwen konprann epi mwen dakò ke DOEA ka bezwen pale ak doktè mwen ak lòt pwofesyonèl sante. Mwen konprann tou ke yo ka bezwen fè entèvyou ak manm nan fanmi mwen, zanmi pwòch mwen yo, ak pwofesyonèl sèvis sosyal sou sitiyasyon mwen.
- Otorizasyon sa a ap rete anvigè, sof si yo revoke alekri, pandan tout tan w aplike pou resevwa sèvis swen alontèm.

Mwen rekonèt ke mwen te resevwa notifikasyon avek Avi sou Pratik Prive DOEA yo ki disponib nan <http://www.elderaffairs.org/about-us/hipaa/notice-of-privacy-practices> sou demann.

---

**Kliyan Oswa Reprizantan**  
**- Relasyon (si reprizantan siyen)**

---

**Dat**